



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO PWOLONJE ENTÈDIKSYON POU PA BOULE BRANCH BWA JISKA 21 ME

### *Kondisyon sèk lakoz pwolongasyon pou redwi risk dife nan forè pou pwoteje lavi ak pwopriyete*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York te pwolonje entèdiksyon pou pa boule branch bwa rezidansyèl jiska 21 me akòz kondisyon sèk yo toupatou nan eta. Debri kap boule se pi gwo kòz dife forè pandan prentan nan eta a. Gade pwoklamasyon an [la](#).

“Ofisyèl Eta te travay men-nan-lamen avèk ponpye lokal yo pou ede kontwole yon eripsyon dife forè ki te deklanche toupatou nan New York nan resan ane yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avèk kondisyon sèk kap pèsiste, mwen pwolonje entèdiksyon pou pa boule pou pi byen pwoteje sante ak byennèt Nouyòkè yo ki ka jwenn tèt yo ak pwopriyete yo nan fason ki danjere. Mwen ankouraje tout moun pou pran prekosyon ki nesèsè pou pwoteje tèt yo, vwazen yo ak premye sekouris yo.”

Rejyon nòdès, sant ak sid nan eta klase kòm pati ki gen plis risk pou danje dife, dapre Depatman Konsèvasyon Anviwonman. Southern Tier, Lake Ontario, ak rejyon Adirondack klase tankou zòn modere pou risk danje dife. Anplis, siyal avètisman se yon avètisman akoutèm, tanporè, ki endike prezans yon konbinezon danjere tanperati, van, imidite relatif, kabiran oswa kondisyon sèk sa ki kapab kontribye a nouvo dife oswa pwopagasyon rapid dife ki egziste deja. Ane sa a, 110 dife te boule preske 3,600 kawotè.

Pandanke yo kontwole tout dife forè yo nan New York, plizyè ajans nan eta te deplwaye resous pandan de semèn ki te sot pase yo pou ede lite kont dife branch bwa nan lès New York.

Nan dat 5 me, Gouvènè Cuomo te aktive Sant Operasyon Dife nan Sant Operasyon Ijans Eta New York nan Albany pou kontwole epi ede avèk yon gwo dife branch bwa nan konte Ulster ak Sullivan. Aktif ki soti nan Divizyon Sekirite Enteryè Eta ak Sèvis Ijans, Depatman Konsèvasyon Anviwonman, Lapolis Eta, Depatman Transpòtasyon ak Divizyon Militè Eta New York ak Afè Naval te kowòdone repons dife, enkli asistans ki soti nan depatman ponpye nan konte Greene,

Schoharie, Delaware ak Broome. Roosa Gap Fire nan konte Sullivan ak Ulster te koze pa debri kap brile epi konsome plis pase 2,700 kawotè. Kounye a dife a kontwole. Patwouy yo ap kontinye kontwole sit la pou asire ke pa gen eklatman.

Tout santye yo nan zòn forè Hunter-West Kill nan vil Hunter, konte Greene, kounye a ap re-ouvè. Depatman Konsèvasyon Anviwonman te fèmen santye sa yo nan dat 8 me pandan ke dife wout Heavenly Valley te boule plis pase 110 kawotè.

Depi 2009, Eta New York te ranfòse yon entèdiksyon pou boule pou vil yo ki genyen mwens pase 20,000 rezidan soti nan dat 16 mas jsika 14 me, peryòd lè pifò dife forè rive. Kèk vil, sitou anndan ak ozanviwon Adirondack Park ak Catskill Park, rele “vil dife,” epi li entèdi pou boule yon bagay anplennè pandan tout ane a nan minisipalite sa yo amwenske yon moun oswa yon gwoup gen yon pèmi alekri ki soti nan men Depatman Pwoteksyon Anviwonman. Yo entèdi boule fatra pandan tout ane a. Moun ki vyole règleman pou pa boule bagay anplennè yo ka sibi pouwit penal ak sivil, avèk yon amann minimòm \$500 pou premye ofans lan.

Dife kan itilize chabon oswa bwa ki pa trete otorize sof nan Catskill Forest Preserve. Tout fedekan nan Catskill Forest Preserve entèdi jsika 21 me akòz gwo danje dife ki toujou genyen akòz sechrès la. Yo pa ta dwe janm kite dife kan yo san siveyans e yo dwe etenn yo.

Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Joe Martens te deklare, “Kenbe entèdiksyon pou pa boule a anplas pou yon semèn adisyonèl nesèsè ak pridan. Pwolongasyon Gouvènè Cuomo a pral fè moun yo sonje pou yo rete vijilan epi konsyan de anviwonman yo. Anpil nan nou pwofite de bèl resous natirèl nou genyen nan New York, e nou tout jwe yon wòl nan pwoteje resous sa yo ansanm avèk fanmi nou lè nou prevni dife.”

Divizyon Sekirite Enteryè ak Komisyonè Sèvis Ijans John P. Melville te deklare, “Nou ankouraje piblik la pou l atantif pandan peryòd tanperati sèk ak rafal van, dife branch bwa ka anflame apati nenpòt bagay ki kapab kreye yon etensèl. Yon zèklè frape, yon alimèt ki pa etènn, oswa yon eksplozyon machin, kapab koze yon dife danjere. Li enpòtan pou pran prekosyon pou pwoteje katye ak pwopriete nou yo de sitiyaasyon ki ka rapidman ale de move a pi mal.”

Nan peryòd senkan depi lè entèdiksyon an te adopte, kantite mwayèn dife prentan pa ane te diminye soti 3.297 pou pase 1,425 oswa 43.2 pousan. Pou wè dènye kat jeyografi ki sou klasman danje dije nan New York, ale sou <http://www.dec.ny.gov/lands/68329.html>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418